



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ANBA LAVIL SARANAC LAKE KÒM GAYAN
10 MILYON DOLA NAN REJYON NORTH COUNTRY NAN KAD TWAZYÈM
FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

***Eta a ap Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a
pou Revitalize Anba Lavil Saranac Lake lan***

***Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou
yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Anba Lavil Saranac Lake pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan North Country an nan kad twazyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak nan de premye faz DRI a yo, yo chwazi yon minisipalite nan chak 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo kòm yon gayan 10 milyon dola, sa ki ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou sible 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo lè yo ap transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik kote pwochè jenerasyon moun New York yo pral vle viv, travay ak elve yon fanmi.

“Katye anba lavil inik Saranac Lake lan ak cham li genyen pandan tout ane a te fè ke li se yon kandida ideyal pou twazyèm faz finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aprè reyouvèti Hotel Saranac istorik lan, nou ap ajoute sou dinamis sa epi ede anba lavil Saranac Lake atenn tout potansyèl li, atire alafwa abitan ak vizitè yo pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

“Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan ap bay kominote yo finansman pou ka pouswiv pwojè lokal yo pou ranfòse anba lavil yo epi favorize kwasans ekonomik”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa pou Saranac Lake nan kad DRI an pral ede fè reviv vilaj istorik lan epi devlope nouvèl opòtinite biznis yo, tankou reyouvèti Hotel Saranac lan. Investisman an nan nouvo lojman ak reyabilitasyon batiman ki egziste yo ki nan Saranac Lake pral ede alimante aktivite ak devlopman tout rejyon North Country a.”

Anba Lavil Saranac Lake

Anba Lavil Saranac Lake se yon vilaj istorik nan Adirondacks, ki antoure ak montay ak lak ki fasilman aksesib, ki ap atire touris ki soti alafwa nan ak an deyò eta a chak ane. Kominote aktif eklektik lan ap sèvi kòm yon santral konpak pou zòn ki alantou yo, ki ap

bay yon konsantrasyon restoran, lavant an detay, sèvis, menm jan ak atraksyon kiltirèl ak rekreyatif. Envestisman 10 milyon dola DRI an pral ajoute sou plis pase 45 milyon dola nan finansman piblik ak prive ke yo te investi nan pwojè amelyorasyon anba lavil yo sou 10 ane ki sot pase yo, ki remakableman enkli reyouvèti Hotel Saranac istorik lan. Pwojè sa yo te deja kòmanse degaje nouvo enterè nan investisman anba lavil yo epi pote nouvèl opòtinite travay ak biznis yo. Pou kapab kenbe vitalite ekonomik, efò planifikasyon DRI an pral konsantre sou pwojè ki ap ogmante kalite lavi nan Vilaj la ak ekipman piblik pandan tout ane a, menm jan ak devlopman lojman ki nan pri mache a ak reyabilitasyon lojman aktyèl ki esansyèl pou atraksyon an pèmanans pwofesyonèl travay yo ak fanmi yo pou vin nan Saranac Lake.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country an (North Country Regional Economic Development Council, NCREDC) te konplete yon pwosesis revizyon konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan kominote yo ki atravè rejyon an, epi konsidere tout ywit kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Saranac Lake kòm chwa li pou gayan:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo;
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan investisman estratejik (Strategic Investment Plan) DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Saranac Lake lan nan kad twazyèm faz DRI a ba li dwa pou li resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta pou revitalize katye anba lavil li yo epi kreye nouvèl opòtinite pou kwasans alontèm. Saranac Lake ap rejwenn kounye a Vil Plattsburgh ak Watertown, ki te gayan anvan sa yo nan rejyon North Country nan premye ak dezyèm faz DRI yo, respektivman.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Envestisman estratejik nan Vilaj Saranac Lake lan te kreye wout pou kwasans ekonomik dirab nan kè Adirondacks. Envestisman 10 milyon dola Eta New York nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan pral sipòte ti biznis ak antreprenè yo, ankouraje touris, transfòme pwopriyete sou rivaj yo, epi redevlope rejyon anba lavil Saranac Lake”.

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Anba Lavil Saranac Lake ap jwenn rekonesans lejitim antan ke yon bijou Adirondack. Investisman DRI Gouvènè Cuomo te fè a nan kominote sa se dènye seri nan bay resous reyèl nan North Country ak tout rejyon Adirondack lan”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal) nan Eta New York, te deklare, “Saranac Lake se dènye kominote ki benefisye de pwogram DRI revolisyone Gouvènè a ak yon enjeksyon resous ki pral fè vilaj lan ak tout zòn nan vin yon kote ki menm pi bon pou moun viv, travay, epi vizite. Saranac Lake se youn nan pi gwo atou North Country yo. Gras a efò Gouvènè a ap fè yo ak yon estrateji fondamantal ki djanm, li pral kontinye devlope epi ofri plis opòtinite lojman, rekreyatif, ak ekonomik yo kounye a ak nan fiti”.

Senatè Betty Little te deklare, “Mwen aplodi atansyon ak angajman Gouvènè Cuomo nan Adirondacks, pandan ke nou ap wè investisman enpòtan sa nan anba lavil Saranac Lake. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan ap asire ke kominote yo atravè eta a tankou Saranac Lake jwenn pati investisman pa yo pou pote chanjman ki nesèsè anpil pou devlope ekonomi a epi amelyore kalite lavi lokal nou an”.

Manm Asanble Billy Jones te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan se yon pati enpòtan nan pwogram devlopman ekonomik eta a, epi nou chance pou nou wè avantaj yo isit la nan Saranac Lake. Nan non abitan ak biznis yo ki nan kominote Adirondack entegral sa a, mwen rekonesan poutèt investisman sa ki pral ede favorize menm plis kwasans ak dirabilite”.

Anthony G. Collins, ki se Prezidan Clarkson University ak Ko-Prezidan NCREDC, te deklare, “Angajman Gouvènè a pran nan konstwi dinamis kominote anba lavil yo li ap fè yon diferans nan pèspektiv ekonomik pou Plattsburgh ak Watertown. Nouvo pwojè enfrastrikti yo nan rejyon Olympic lan pral bay sektè touristik lan ak kalite lavi a bourad nan North Country. Atravè patisipasyon piblik ki elaji ak investisman piblik-prive yo, nou pral kontinye itilize enjenyozite ak dilijans ke yo te jwenn nan tout rejyon nou an pou fè North Country vin youn nan kote espesyal yo sou planèt lan pou moun viv, travay, etidye epi vizite”.

Garry Douglas, ki se Prezidan Chanm Komès North Country epi Ko-Prezidan NCREDC, te deklare, “Saranac Lake te yon kominote kle ki ap resevwa investisman estratejik sou divès dènye ane yo nan men Gouvènè Cuomo ak REDC North Country a. Li kounye a amòse pou elve a yon nouvo nivo redevlopman, epi se poutèt sa nou kontan anpil pou nou kapab sible Saranac Lake kòm gayan DRI North Country ane sa. Plan yo an eksitan, li ap ajoute dirèkteman sou pwogrè resan yo, epi nou sensèman espere kounye a pou nou travay ansanm ak vilaj la ak kominote biznis li an pou totalman mete sou pye tout sa ke yo te pwopoze yo. Nou remèsye tou Gouvènè Cuomo yon lòt fwa ankò pou angajman pèmanan ekstrapòdinè sa nan rejyon sa”.

Clyde Rabideau ki se Majistra Saranac Lake te deklare, “Fon revitalizasyon Anba Lavil yo pral transfòme enèji pozitif lan, travay di ak kreyativite ke Saranac Lake selèb pou yo pou vin tounen opòtinite ekonomik ki tanjib. Nou sensèman rekonesan pou vizyon Gouvènè Cuomo genyen a ak sipò inebnanlab li nan Rejyon Nò New York ak kominote Saranac Lake lan”.

Saranac Lake pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon ki ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik pou Anba Lavil Saranac Lake lan pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Investisman Estratejik pou Anba Lavil Saranac Lake lan pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou twazyèm faz DRI a pral fin konplete an 2019.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ale sou www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)